

# YON PRIZONYE



. . . isi a ankò, nan Non Seyè Jezi a, e pou tande pale de gran zèv pwisan ke W te fè, anvan. E kounye a nou kanpe ap tann tou eksite, leve fwa nou epi ban nou onksyon, pou nou kwè ke sa ki te mande aswè a va akòde. Ou konnen chak grenn nan yo, tou sa ke yo te mande. E nou lapriyè pou yo, espesyalman, Seyè, sila yo ki sitèlman pre lanmò. Pote lapè nan nanm yo si l poko la. Pote gerizon nan kò yo. Akòde l, Seyè.

<sup>2</sup> Beni rasanbleman nou ansanm. Nou—nou priye, Seyè, nan reyinyon priyè mèkredi swa sa a, ke, antan nou rasanble, nou konnen ke kèlkeswa kote de oswa plis rasanble ansanm, Ou va avèk nou. E nou mande W, Seyè, pou ban nou Pawòl Ou aswè a. Pale avè nou, Seyè, epi chofe kè nou, yon fason etranj, pou ke nou t a konnen kòman pou nou bay tèt nou disiplin pou gran moman k ap tann nou pi devan, kòm nou kwè ke n ap apwoche Vini Seyè a.

<sup>3</sup> Nou di W mèsì pou moun kounye a ki kòmanse twouve ke lafwa a chè a yo menm, e yo konnen sa lafwa vle di. E yo konnen, yo menm di W mèsì pou sèvis k ap vini yo, yo kwè ke Ou pral fè yon bagay. Seyè, n ap tann ak tout eksitasyon, tankou nan tan lontan yo, nou kwè ke tan an sitèlman pre lè Ou pral jis louvri fenèt Syèl la epi vide pwomès yo ke Bondye te pwomèt pou dènye jou sa a.

<sup>4</sup> Kounye a nou mande W, Seyè, pou—pou va avèk nou tout, nan tout nasyon yo, kòm nou tande jodi a gen sitèlman anpil nan viwonn lan, toupatou, ki nan bezwen. Akòde yo sa yo mande, Seyè. E nou priye pou n wè gran men Bondye a—a ap bouje toupatou nan lemonn nan mitan sila yo k ap chache gwo bagay sa.

<sup>5</sup> Padone nou peche nou. Koriye nou, Seyè, ak Lespri Ou ak Pawòl Ou, pou ke nou kapab bay tèt nou disiplin, pou nou sèvitè obeyisan, sèvitè obeyisan nan volonte Bondye a. Kite nou sonje, e eseye panse nan kè nou, kisa premye Kreyen yo te fè. Ki kalite moun nou t ap rankontre si nou te rankontre sila yo ki te an kontak avè W pèsònèlman. Kòman figi yo te dwe limen ak lafwa ak kè kontan. Kòman lavi yo te dwe Pawòl vivan Bondye a, jis “ekriti ki ekri yo ke tou lèzòm te li,” antan yo t ap mache anndan epi nan mitan moun yo. Bondye, akòde l yon fwa ankò.

<sup>6</sup> Ke lavi nou sitèlman soumèt a Oumenm, ke Sentespri a va viv Limenm nan nou, e pale nan nou, Seyè. Ke nou sonje, nan lespri nou, antan n ap mache nan lari a epi frote men ak mond lan, nou pa sipoze tankou sila yo. E nou rale kò nou sou kote e bay yo plas la, Seyè, nan pozisyon lejitim yo isit la sou latè. N ap pran plas deyè yo, kòm nou konnen nou se delege ki soti nan

yon lòt mond. Nou gen yon Wayòm k ap vini nan pwisans, Seyè. E gran Wa nou an pral rive byento e pral domine tout wayom yo ki nan domèn Li. E Li va gouvène epi reye; avèk Li isi a sou latè, mil an, e nou pral avè Li pou tout tan.

<sup>7</sup> Avèk sa nan lespri n, Seyè, kounye a n ap tann repons pou lapriyè nou. N ap gade konfesyon nou. Si nou te fè nenpòt bagay, di nenpòt bagay, oswa panse nenpòt bagay, ki kontrè a gran volonté W la, pèmèt ke San Jezikri a pwòpte nou.

<sup>8</sup> Kondwi nou, Seyè, tankou sè a te di aswè a, sou limenm ak mari li sou wout pou al Chicago. Kondwi yo, Seyè Bondye, nan plas kote Ou ka sèvi avèk yo, pou ke yo ta ka reyon limyè pou lòt yo k ap tatonnen nan fènwa, ki pa konnen Seyè Jezi nou an. Kounye a nou remèt sèvis la ba Ou, e antan n ap tandè Pawòl koreksyon W lan, ke nou ta dwe konnen kòman pou n pare pou gran lè sa a, se nan Non Jezi nou mande li. Amèn.

[Espas vid sou kasèt la. Frè Neville ap fè kòmantè—Editè a.]

Bondye beni w. Mèsi, frè.

<sup>9</sup> M te on ti jan pa t atann mwen a sa. Mwen menm, kòm mwen isi a lakay mwen, m te santi tankou si m pa t vrèman dwe al yon kote, an ijans, m t ap santi m trè mal, mwen menm chita lakay e pa vini nan reyinyon priyè. E mwen on jan te pase, san yo pa t atann, pou mwen menm, e menm pou fanmi m. M te jis antre, epi m te repati. Epi alò mwen te di: “M ap desann pou m al nan reyinyon priyè.” E li pa t menm gen tan pou l pare pou l vini, alò li pa t konnen mwen t ap vini.

<sup>10</sup> Alò mwen kontan tandè temwayaj sè a la, frè a, sou Limyè sa a nan Kawolin di Sid oswa Kawolin di Nò, yon kote. Greenville, èske se te sa? [Yon sè di: “Non. Southern Pines.”—Editè a.] Southern Pines. Wi.

<sup>11</sup> Frè Lee Vayle te jis isi a jodi a. Mwen te batize l, jodi a, nan sèvis batèm isi a jodi a. Frè Lee Vayle, ou konnen, youn nan minis yo la, Frè Parker Thomas. Te gen yon . . .

<sup>12</sup> Mwen sonje tan an, te gen yon sè ak yon lonbray sou li. Se te yon gwo konfimasyon, sè, a sa ke . . . Sentespri a pafwa ap kite nou pran devan epi teste fwa nou, pou wè kisa . . . epi teste fwa lòt yo. Lè w ap gade yon bagay dirèk, epi w wè yon bagay, epi ou di l; lòt yo gade epi yo pa wè li, yo di l pa la. Ou wè? Men li la.

<sup>13</sup> Kounye a, pa t gen okenn moun ki te ka wè Limyè sa ki te pandye anlè Pòl, men Li te la. Pèsòn pa t wè kolonm sa ki te desann sot nan Syèl, nan Limyè sa a, nan yon fòm, epi pandye anlè Jezi, apa de Jan pou tèt pa l. Men Li te la. Ou wè?

<sup>14</sup> E alò, lè sa, pita lè m t ap pale moun yo de Limyè sa a ki te tankou yon Kolòn Dife, pèsòn pa t vle kwè l. Men kounye a je mekanik kamera a te idantifye Sa.

Bon li vini ke move lespri a se fènwa.

15 Se jis tankou lavi nou, nou se lonbray. E nou se, si nou se yon limyè, nou se, si lavi nou akòde ak Limyè pou jou a, n ap mache nan Limyè.

16 Se jis tankou w ap gade deyò epi w di: “Mwen wè solèy la,” nan lajounen. Ou—ou wè lonbray solèy la. Se yon reflè solèy la. Se pa solèy la, limenm, men sa pwouve ke gen yon solèy. Sa pwouve gen yon solèy.

17 E kounye a lè m wè, tankou nou chita la, ap sèvi ak vantilatè yo, ap pale, sa vle di n ap viv, men se sèlman yon lonbray lavi.

18 Paske, nenpòt bagay dwe gen fènwa ladan l, pou fè yon lonbray. Ou wè? Paske, yon lonbray dwe posede kèk kantite fènwa ak kèk kantite limyè, pou fè yon lonbray. E l pa ka tou nwa nèt, e tout pa ka limyè nèt. Si l fènwa, li vrèman nwa. Si se limyè, pa gen okenn lonbray, anyen pou fè yon lonbray. Men si l mele ak fènwa ak limyè, li fè yon lonbray.

19 Alò nou se vrèman lonbray limyè. Kounye a n ap bay reflè yon lavi ki sot yon kote. Si se sa nou ye, e Kreyen, kòm sa se yon lonbray, li sèlman pwouve ke gen yon Lavi kote nou pa ka mouri, paske lavi sa a gen lanmò ladan l. Ou wè? Men se yon lonbray, paske w ap viv, kreyati k ap bouje ak kapasite pou l wè, panse, bouje, epi pale, e senk sans nan kò a. Men poutan nou konnen, yo, y ap mouri. E sitèlman gen anpil pwoblèm. Ou konnen, se ka sèlman. . . Se yon reflè, ou wè, ke gen lavi ak lanmò ki mele ansanm.

20 Fizik la dwe mouri. Men si w ap bay reflè, pa yon vi mòtèl, Limyè Syèl la, alò w ap bay reflè Lavi Etènèl, Bondye. Alò lè w mouri, ou pa ka fè anyen ke al nan Limyè sa a, paske se Sa ou te bay reflè.

21 Si w soti nan mond fènwa a, w ap bay reflè sa, e ou ka fè, ou pa ka al lòt kote ke nan fènwa. Ou wè? Alò ou nan yon reflè. Alò, nou wè sa osi sèten ke Sentespri a bay reflè Limyè ak Lavi, se konsa lanmò bay reflè fènwa.

22 E tou de isi a. Dem-. . . Nan fen semèn lan, petèt nan dimanch, nou pral fè yo agrandi ti foto a, konsa y ap ka mete l sou tablo afichaj la.

23 Kote, foto *w la* kwoke la sou tablo afichaj la. M pa konn si w te remake sa, ou pa. E alò. . .

E sa fè apeprè yon semèn, nan—nan Jamayik, kote m te nan misyon. . . Nou voye kasèt toupatou nan mond lan. E *Sèt So Yo* te rive jouk nan. . . byen lwen anndan tè Jamayik yo, ale nèt anndan. E li trè primitif anndan la, dèyè Blue Mountain. E natif natal yo, pafwa, yo gen yon—yon radyo kasèt nou achte pou yo, ke w dwe, tankou ansyen Victrola a, vire l ak yon manivèl, epi apre kite—kite l jwe konsa. Apre sa, chak kèk minit, yon moun dwe vire l ak manivèl la.

24 Gwoup sa a te gen yon—yon ti . . . yon batri, batri sis vòlt, oswa yon lòt bagay, pou jwe radyo kasèt la. E yo—yo tout te chita ansanm, apeprè sa ki isi a aswè a, ap tandè So sa yo, mwen kwè l te ye. E antan m t ap pale, yo te remake, k ap vini nan sal la, menm Kolòn Dife sa a te vini, te bouje anlè kote radyo kasèt la te ye a epi l te poze anlè tèt li. Epi yo t ale e yo te pran yon kamera e yo te pran foto Li. E jis menm Lan, men L la, pandye la menm anlè li. Kounye a nou pral agrandi l, konsa nou ka mete l sou tablo afichaj la—la la, pou nou ka wè li.

25 Nou sitèlman rekonesan pou gras Bondye a ki te mennen nan pa nou . . . nou nan Prezans Li nan jou sa a. Bon nou rekonesan pou anpil bagay.

26 Kounye a mwen panse mwen pral gade isi a e wè si m ka jwenn kèk, kèk nòt oswa kèk, yon lòt bagay ke m te pale sou li. Oswa, pran pou nou kèk kalite de yon—yon . . . M gen kèk tèks ki te ekri, tout jan, dèyè la nan yon liv. Si m ka jwenn youn, petèt Seyè a pral ban mwen yon bagay pou di sou yon bagay, antan n ap priye.

Kounye a, n ap tann nan eksitasyon pou dimanch.

27 M t ap pale nan Mesaj yo. E, dimanch, m te kenbe nou isi a pandan lontan, sou: “Poukisa w ap rele ban Mwen? Pale ak pèp la epi avanse.”

28 Bon, dimanch se sèvis gerizon an kote yo pral lapriyè pou malad yo. Kounye a, n ap antoure malad yo, e dwe gen yon rezon pou malad yo, lè nou lapriyè pou yo, si yo pa geri. E mwen vle, si Seyè a vle, pou jis yon sèmon kout nan dimanch maten, tou. Alò, mwen pral gen yon sèvis gerizon, e priye pou tout moun. E Billy Paul oswa kèk nan yo pral isi a dimanch maten, nan uitè yo, lè legliz la louvri, pou bay moun yo kat yo antan y ap antre nan pòt la, oswa nenpòt lè yo antre.

29 E kounye a, alò, mwen vle eseye, m kwè Seyè a on jan ban mwen yon ti apès sou rezon ki fè gen kèk moun ki pa geri. E mwen—mwen kwè se yon manke konprann. E mwen—mwen kwè, petèt, nou pral pale sou sa, dimanch maten, si Seyè a vle.

30 Bon, reyinyon priyè mèkredi swa a se jis yon reyinyon kout kote n ap rasanble epi priye, tankou nou konn fè, epi asosye ansanm.

31 Pafwa, mwen—mwen kwè youn nan gran bagay ke m jwenn nan jou sa a, se manke senserite nan sa nou kwè a. Ou wè? Ou wè? Si Bondye, nan epòk John Wesley, te fè nan epòk sa a sa L fè jodi a, kisa sa t ap fè; nan epòk Martin Luther, oswa kisa ankò? Tankou sa nou wè L ap fè, ki pwouve alafwa pa Legliz la, pa Lespri a, e pa lasyans, e tout mouvman, emilsyon foto li a—li a—li a dwe rekonèt. E Pawòl Bondye isi a deklare Li e ap pale de Li anvan Li vin arive fèt. E alò L ap bouje, e L ap pwofetize, e L ap montre bagay la menm ke L te di a, li pral rive pafètman, egzaktman sa L te di a. Epi nou toujou chita on jan

byen vag, kòm si nou sezi. “Ebyen, m mande m si sa ta ka vle di mwenmenm? M mande m si l ta ka vle di jis legliz la—la, an antye? Oswa—oswa, m mande m si m vrèman fè pati de Sa?” M panse, dimanch maten, m pral eseye pale sou kèk nan prensip sa yo ki ta ka eklere nou yon ti kras.

<sup>32</sup> Bon, aswè a, mwen dekouvri yon bagay, ke m jis jwenn li isi a, anvan m desann. M te panse: “E si Frè Neville, si m ta desann la, li arive di: ‘Monte epi pale,’ epi l jis chita?” Ou wè? M te panse: “Pito m ekri kèk Ekriti.” Paske, mwen konnen, li, li se yon frè sitèlman janti, e nou—nou apresye li.

<sup>33</sup> Anvan nou lapriyè sou Pawòl la, mwen vle fè remake prezans yon—yon frè. Mwen pa menm ka site non l nan moman sa a, de nan yo. Yo isi a, yo se zanmi m. Yo . . . Yo se minis ak evanjelis, nan chan an, k ap soti. Yo te tande Mesaj sa yo sou kasèt. E yo soti nan diferan legliz denominasyonèl, de jenn kanmarad. E ti gason an sitèlman, youn nan yo si tèlman enterese, jouk li te vwayaje, Tucson, jis sa pa fè lontan, pou fini yon reyinyon. Mwen kwè m te nan Dejene Òm Dafè yo. E jenn jan an, jenn jan de byen, te vini. E li se . . .

<sup>34</sup> Yo soti Kansas. E yo vini jouk isi a pou mwen marye yo. Mwen apresye sa. Pou panse ke moun ki kwè nan priyè w, ase, kwè ke Bondye t ap tande epi reponn; jenn moun k ap kòmanse nan lavi, konsa. E lè yo rive isi a pou mwen marye yo, yè, pou yo jwenn lwa eta Indiana a egzije, ke menm si ak tès san yo, pou yo ret tann isi a nan eta a, twa jou, anvan yo ka marye. Alò, yo pa ka marye jouk vandredi maten.

<sup>35</sup> E m pral mande frè nou an la nan bout la, si l ap jis kanpe epi di nou kiyès li ye, e bèl ti dam li an la, epi frè akote yo a.

<sup>36</sup> [Frè a di: “Mèsi, Frè Branham. Mwen privilejye pou m isi a. E mwen se Frè Roger O’Neil, mwen abite nan Kansas, mwen vwayaje nan chan an, kòm yon evanjelis, m ap di: ‘Jezi sove, geri, pa lafwa nan Jezi . . .? . . .’ toujou ap pran pakèt mwen . . .? . . . Sa se fiyanse m, Patricia Brown. Nou pral marye, vandredi. Sa se konpayon evanjelis mwen e konpayon travay mwen, Frè Ronnie Hunt, isi a nan bout la. E se fiyanse l sa, Carol . . .? . . . E nou kontan pou nou isi a aswè a.”—Editè a.]

<sup>37</sup> Mèsi, anpil. Nou sètènman swete jenn anbasadè sa yo, pou travay Seyè Jezi a, benediksyon Bondye yo, pou akselere yo sou wout la. E antan m ap mande tèt mwen, ap tann Vini Seyè a, e wè jenn gason ak jenn fi ak yon bi nan kè yo, pou sèvi Kris, sa fè m tresayi, ou wè, pou wè yo leve konsa. Seyè a beni nou, richman, frè m, sè m.

<sup>38</sup> Kounye a an nou vire vè yon ti Liv ke m pat janm pale de li anvan, nan vi m. E se yon trè . . . Jis yon chapit, Liv Filemon an. E se yon . . .

<sup>39</sup> Mwen jis yon ti kal Ilandè, e mwen—e mwen gen yon fil fè ki fè tou anba dan m yo, pou kenbe kèk nan de dèyè yo an plas.

Mwen, mwen, pafwa mwen pa pwononse non sa yo byen, lè mwen konnen kisa yo ye. E pafwa m pa ka pwononse yo byen, poutèt m manke enstriksyon. Alò, “Filemon,” yon moun te di dèyè la, ke m panse se vrèman pwononsyasyon korèk pou li a.

<sup>40</sup> Kounye a, vèsè 1 an, m vle pran jis yon mo oswa de nan li.

*Pòl, yon prizonye Jezikri, . . .*

<sup>41</sup> E se sa m vle itilize aswè a, kòm yon tèks, si Seyè a vle, se: *Yon Prizonye.*

<sup>42</sup> Bon, ou ka apenn imajine Pòl k ap gade tèt li tankou yon prizonye. Yon nonm ki fèt lib, ranpli ak Sentespri a, men poutan li rele tèt li “yon prizonye.”

<sup>43</sup> E kounye a nou dekouvri, lè l ap adrese a Moun Korent yo: “Pòl, yon apot Jezikri.” Yon lòt fwa: “Pòl, yon sèvitè Jezikri pa volonte Bondye,” lè l ap pale ak Timote, diferan moun yo. Kounye a lè l ap ekri isi a bay Filemon, li di: “Pòl, yon prizonye Jezikri.” “Pòl, yon apot,” mwen ta renmen preche yon jou swa sou sa. “Pòl, yon—yon sèvitè,” preche sou sa. E apre: “Pòl, yon prizonye.”

<sup>44</sup> Men, aswè a, kòm l ap pran plizyè èdtan pou konsidere kòrèkteman youn nan sijè yo, m ta renmen pran, aswè a: “Pòl, prizonye a,” e pran sijè sou: *Yon Prizonye.*

Kounye a an nou bese tèt nou jis yon moman.

<sup>45</sup> Seyè Jezi, nenpòt nonm, ki kapab fizikman, ka rale paj nan Bib sa a, men sèl Sentespri a ka entèprete Li nan limyè ki te fèt pou li a. Nou mande Li pou vini kounye a e ede nou konprann kisa sa te, adrese, gran pwofèt, pwisan sa a, Pòl, e poutan l rele tèt li “yon prizonye.” Ke Sentespri a revele sa ban nou antan n ap ret tann apre L, nan Non Jezikri. Amèn.

<sup>46</sup> Kounye a mwen ka imajine, Pòl, lè li te ekri lèt sa a bay Filemon, kijan l te chita nan prizon, anba la nan kacho vil sa a, yon—yon—yon prizonye. E li te ka byen konnen, pa pozisyon l kisa mo a te vle di. Li te antoure ak—ak—ak bawo. Li te ka sèlman libere si yon moun t ap kite l pati lib. E li te konnen kisa sa te ye pou vin yon prizonye. E alò, ankò, mwen kwè ke apot la—la te vle di jis yon ti . . . pa egzaktteman adrese li a kondisyon aktyèl li a, kòm yon prizonye de kò fizik li—li ki chita isi a nan sa—nan prizon sa a. Men mwen kwè li t ap pale de tèt li—li, lespri li—li—li, volonte li, kòm yon prizonye pou Jezikri.

<sup>47</sup> Bon, nou tout fèt, ak yon lib volonte, pou pran nenpòt desizyon ke nou swete. Bondye fè sa ak jistis. Paske, Li dwe mete tout moun sou menm baz la, oswa Li mete move moun lan sou . . . Li mete premye moun lan sou move baz la, lè ke Li ba li lib volonte. Ou wè? Nou egzaktteman, aswè a, tankou Adan ak Èv. Pa gen okenn diferans. Byen ak mal prezante devan youn ou lòt nan nou. Lavi ak lanmò, nou ka fè chwa nou; sa depann de ou, pou fè li. Ou wè?

48 Se fason sa a Adan ak Èv te fè, e, ou wè, e—e yo te fè move chwa a. E kounye a, ak sa, yo mete tout ras la, ras imen an, anba lanmò, pèn lanmò a.

49 E apre Bondye te desann nan fòm moun e te pran lanmò sa a, e te peye pèn lanmò a, ke . . . Sijè Li yo ki te dezire pou—pou vin lib te ka ale lib.

50 Kounye a, si L te pran nou, san se pa menm fason an Li te fè Adan ak Èv, jis te rale nou nan yon bagay, Li di: “Mwen pral sove nou ke nou vle sove ou pa,” alò Li te mete Adan ak Èv sou—sou move baz la, ou wè. Men chak grenn nan nou gen pou l chwazi, jou sa a, ant lanmò ak lavi. Nou ka fè l.

51 Jan mwen fèk eksprime li, si limyè w ap pwouve, lavi w ap pwouve egzakteman sou ki bò ou ye. M pa bezwen konnen sou ki bò ou di w ye. Sa w fè, chak jou, pwouve kisa w ye. Ou tandè pawòl lontan an: “Lavi w sitèlman fè bri, m pa ka tandè temwayaj ou a.” Ou wè? Aksyon ou yo—ou yo sitèlman fè bri.

52 M te toujou kwè nan rele ak sote. Men m te toujou di: “Pa sote pi wo pase w ap viv la, paske mond lan pral gade sa.” Ou wè? Ou dwe jis sote menm wotè w ap viv la, lè sa, paske yon moun ap gade w. E kounye a lè . . .

53 Moun yo pa pral legliz. Yo—yo, anpil nan yo, jis pa p fè l. E kèk nan yo, ki pa vini yo, se moun sensè. Yo sitèlman wè koripsyon nan legliz la, jouk yo pa vle gen anyen pou wè ak sa. E anpil fwa, n ap pale sou yon panse byen senp sou sa, apenn si ou ka blame yo, ou wè, poutèt fason moun yo aji. Yo rele tèt yo Kreyen. Yo se pi gwo pyè dachopman ke lemond janm genyen, se gason ak fanm ki deklare yo se yon Kreyen, epi k ap viv yon bagay ki diferan ak deklarasyon yo. Egzakteman vre.

54 Bon, paske desepsyon yo pral vini nan Jijman an. Kounye a, pechè a, trafikant alkòl la, moun k ap jwe aza a, adiltè a, li—li pa p desi pou l tandè santans li ki li: “Pati al nan dife k ap dire tout tan an.” Li pa p desi. Men kanmarad sa a k ap eseye kache tèt li dèyè kèk jan de yon konfesyon legliz, se gason sa ki pral desi nan Jou Jijman an. Ou wè? Ki konfese ke li se yon Kreyen, epi l ap viv yon lòt fason. Li t ap pi bon pou li ke l pa t janm menm fè okenn jan de konfesyon, pou kòmanse, pase li kòmanse epi viv yon bagay diferan. Paske, li se pi gwo pyè dachopman nou genyen, sila k ap konfese e ki di ke li—li—li se yon Kreyen, epi l ap viv yon bagay diferan.

55 Toujou, pa jije lavi w pa kantite pouvwa w genyen pou fè mirak. E nou pa jije tèt nou pa kantite konesans nou genyen de Pawòl la. Men toujou jije tèt ou, gade dèyè epi fè envantè de ki kalite fwi ke lavi ou aktyèlman ap viv kounye a ap pote. Ou wè?

56 Tankou m t ap preche sa fè kèk tan de sa, nan yon reyinyon biznisman nan Phoenix, Arizona, sou reflè Jezi, k ap refleto Lavi Kreyen. M te di m te fèt anwo isi a nan Kentucky, kote se vrèman

primitif, espesyalman anvan lè m te yon timoun. E yon sèten ti gason pat janm genyen yon—yon—yon—yon kay tankou nou genyen isi a, kote nou genyen sitèlman anpil bèl dam ki dwe gade nan miwa, nan tout kay la, pou kenbe cheve yo jis an plas, e latrkiye. Men li te gen yon grenn ti miwa, jis yon ti moso klouwe sou yon pyebwa deyò a, kote ban pou benyen an te ye, kote manman l ak papa l te konn benyen, e yo te penyen cheve yo, e latrkiye, apati de ti moso sa de yon vye miwa ki te klouwe sou yon pyebwa.

<sup>57</sup> Franchman, se jan de kay sa ke nou genyen. Nenpòt moun vle wè yon miwa, noumenm timoun yo, nou te dwe pran yon bwat epi kanpe sou ban pou benyen an, epi gade nan moso sa de yon—de yon miwa ke m te pran, mwenmenm, nan yon pil fatra. Sa se pa t anba a nan Kentucky. Sa se isi a nan Indiana, anwo nan Utika Pike isi a.

<sup>58</sup> Bon, timoun piti sa a pa t janm egzakteman wè tèt li konsa. Alò, li te vin nan vil la, pou vizite grann li. E nan la . . . Se nan fè tou chanm lan, grann lan te gen yon kay ki te gen yon miwa konplè nan pòt la. E alò, ti gason an, ap kouri nan chanm lan—lan, li te wè yon lòt ti gason devan l. E ti gason an t ap kouri, tou. Alò li te panse li ta dwe rete kèk minit e wè kisa ti gason an ta pral fè. E lè l te rete, ti gason an te rete. Lè l te vire tèt li, ti gason an te vire tèt pa l. Li te grate tèt li, ti gason an te grate pa l. Alafen, li te mache pi pre, pou l analize. Epi l te vire tounen. E manman l t ap gade li, ak grann li, ak sezisman. Li te di: “Ey, manman, se mwen sa.”

<sup>59</sup> Alò m te di, ke: “Noumenm, tou, nou reflète yon bagay.” Ou wè? Lavi nou bay yon reflè.

<sup>60</sup> E kounye a, si n te viv nan jou Noe yo, bò ki moun nou t ap pran? Ki bò nou t ap pran nan gran epòk sa a ke Noe te viv la? Ki bò nou t ap pran nan jou Moyiz yo? Ki bò nan jou Eli yo, pwofèt la, lè tout mond lan te angoufre nan yon—yon gran epesè modènite, tankou Jezabel modèn lan, epi te debarase yo de tout sèvitè Seyè a pou y al nan fason mond lan? E legliz la ak prèt yo tout te bese devan l. Èske w t ap pran bò popilarite a, oswa ou t ap kanpe avèk Eli?

<sup>61</sup> Kounye a, nan jou Seyè Jezi a, lè nou t ap panse a Moun sa a ki pa t popilè, ki pa t edike pa mond lan, yo pa t janm ka jwenn okenn lekòl kote L t ale, e okenn—okenn eksperyans seminè. E—e apre sa Li te grandi ak yon non de “nesans ki pa lejitim.” Epi apre Li soti, ap preche yon Levanjil ki te kontre a tout bagay ke yo te anseye yo. Trè . . . E L ap kondane minis yo ak òganizasyon yo, e latrkiye.

<sup>62</sup> E òganizasyon yo te fè yon—yon—yon deklarasyon: “Si yon moun te menm al tandè swadizan pwofèt sa a, yo t ap mete l deyò nan sinagòg la,” se te yon—yon peche mòtèl. Yo te dwe kontwole yo. Sèl fason yo te ka louwe se te anba san ayo a. Yo te dwe vin



jwenn sakrifis sa a. E—e apre yo te chase yo, e ala yon gran bagay sa te ye.

<sup>63</sup> E Nonm sa a te inyore bagay konsa. E poutan Li te pafètman avèk Ekriti a, men pa nan fason yo te konnen Li. Ki bò ou t ap pran? Ou wè? Kounye a, pa . . . Lavi w ke w ap viv kounye a, reflete kounye a jis sa w t ap fè lè sa, paske ou toujou posede ak menm lespri a. Ou wè? Si w pran bò sa a kounye a, avèk yo, ou t ap fè lè sa. Paske, menm lespri ki nan ou kounye a te nan moun yo lè sa. Ou wè?

<sup>64</sup> Dyab la pa janm pran lespri li; li jis soti nan yon nonm al nan yon lòt.

<sup>65</sup> Bondye pa janm pran Lespri Li, non plis; Li pase de youn a lòt la. Ou wè?

<sup>66</sup> Alò, Lespri a menm ki te sou Eli vin sou Elize, menm Sila a sou Jan Batis, e latriye.

<sup>67</sup> Sentespri a, ki te sou Kris, vin sou disip yo, desann nèt, e toujou sou pèp la. Ou wè? Bondye pa janm pran Lespri Li.

Alò se la yo kite nou, pou fè yon chwa.

<sup>68</sup> E mwen—mwen pa ka wè isi a kote Pòl t ap regrèt anyen, epi ap di li te regrèt li te yon prizonye. Men li t ap pale ak tèt li . . . Mwen kwè ke Pòl, antan l te ekri lèt sa a ak plim sa a, ke se te Sentespri a ki te lakòz li ekri sa. Ke, petèt, menm pou jou swa sa a, ke nou ta ka rale kontèks la nan tèks nou an, pou montre poukisa Pòl te fè sa. Paske, se Ekriti a, e Ekriti a Etènèl. Mwen kwè, ke, antan l chita nan yon vye prizon degoutan, ke Pòl te ekri kòlèg li isi a, ke, frè l, ke li te “yon prizonye Jezikri.” Alò, li te ka eksprime l nan wè sa k te nan viwonn li. Bon, li te nan prizon, men se pa de sa l t ap pale, a sèvitè Kris sa a—sa a, yon minis ki konn akonpaye li. Li t ap pale ke l te yon prizonye de Pawòl Jezikri a, paske Kris se Pawòl la.

<sup>69</sup> E Pòl se te yon gran save nan jou pa l yo. Li te gen gran anbisyon. Li te yon—li te yon—yon—yon nonm ki te pran fòmasyon ak . . . pa moun yo, yon kanmarad non l se te Gamalyèl, ki te yon gran pwofesè nan jou pa l la, youn nan pi gran lekòl ke li te ka ale. Pa egzanp, jan nou di, Wheaton, oswa Bob Jones, oswa kèk gran lekòl fondamantal. Yo te anseye l kòm—kòm—kòm yon minis Pawòl la. E li te byen edike, epi fò, epi yon gason entèlijan ak yon gran anbisyon de petèt yon jou vin yon prèt oswa yon gran prèt pou moun yo.

<sup>70</sup> Li te gen yon anbisyon. E apre pou jwenn, ke, pou gran anbisyon sa li te fòme a, e l te pase tout vi l, depi petèt laj apeprè uit ou dizan, rive nan trant oswa trantsenkan yo, lè li te fini kòlèj epi gradye; epi l te gen tout diplòm li yo ak tout bagay, epi l te byen konpòte l ak tout klèje a—a, menm a gran prèt la nan Jerizalèm. Li te gen lòd nan men li, lòd pèsònèl, ekri, e yo te fè konfyans a gran Pòl sa a: “Pou desann nan Damas epi jwenn tout

sa yo anba la ki t ap adore Bondye kontrè ak sa l te di, e pou mare yo epi mete yo nan prizon.” Si sa nesèsè, li te gen lòd pou l touye yo, si l te vle. Li te . . . Li te gen gran anbisyon.

<sup>71</sup> E kounye a, pou tout sa li te pran fòmasyon an, Bondye te retire tout nan li. Ou wè? E sa bi pa l te ye, e pou sa papa l te depanse lajan li, e anbisyon papa l ak manman l yo, yo tout te retire nan li paske ke—ke Bondye te gen yon lòt bagay. Se poutèt sa, li te yon prizonye de bi li te genyen nan lavi, epi li te vin yon prizonye pou Jezikri, Ki te Pawòl la.

<sup>72</sup> Wout pou Damas sa a te chanje Pòl. Li t ap desann, nan onzè yo, petèt, nan yon jounen, ke l te frape atè. E li te tandè yon Vwa, ap di: “Pòl, poukisa w ap pèsekite Mwen?” Epi l te gade anlè. E antan l gad anlè, kòm se yon Jwif, e l te konnen ke Kolòn Dife sa a se te Seyè a ki te kondwi timoun Izrayèl yo, paske li te konnen ke se sa L te ye.

<sup>73</sup> Sonje Ebre sa a pa t ap janm rele anyen “Seyè,” S majiskil-e-y-è, Elohim, sòf si l te satisfè ke sa se sa L te ye, paske li te yon save fòme. E lè l te gad anlè, epi l te wè Sa, yon Limyè, yon Kolòn Dife ki te kondwi pèp li a nan dezè a, epi l te di: “Seyè,” Elohim, S majiskil-e-y- . . . “Seyè, Kilès Ou ye?”

<sup>74</sup> E ala yon sezisman li te dwe ye pou teyolojiyen sa a, pou di: “Mwen se Jezi,” Sila menm ke li te sitèlman kont li a. Ala yon—ala yon viraj! O! O! Sa te dwe yon bagay tèrib pou nonm sa a, ke tout anbisyon l yo ke l te genyen, pou dekouvri, toudenkou, li t ap pèsekite. Anbisyon l yo te mennen li pou—pou al pi lwen pase prensipal bagay li te vle fè l la. E ala yon—yon gwo chòk sa te dwe ye, pou apot sa a, lè L te di: “Mwen se Jezi,” Sila menm ke l t ap pèsekite a. “Poukisa w ap pèsekite Mwen?”

<sup>75</sup> Yon lòt ti sitasyon nou ta ka lage isi a. Ou wè, antan yo t ap pran plezi sou Legliz la, yo pa t ap vrèman pran plezi sou Legliz la, yo t ap pran plezi sou Jezi. “Poukisa w ap pèsekite Mwen?” Kòman Pòl te ka lè sa, ak tout entelijans li, kwè ke Sa se te . . . ke Gwoup sa a ke li t ap pèsekite a se te Bondye a menm ke li te deklare li t ap sèvi? Mwen panse ke se, san m pa antre nan detay yo, mwen panse nou tout byen fòme ase pou n konnen kisa m vle di isi a. Menm bagay la ap rive jodi a.

<sup>76</sup> Pòl, nan inyorans, poutan li te entèlijan e fò, pi fò anpil pase Galileyen sa yo ki pa t gen edikasyon ke l t ap pèsekite, ki te deja nan imilite yo asepte Nonm sa a kòm Seyè. Men, Pòl, nan gran ansèyman li ak entelektiyèl li yo, pa t ka asepte Sa. E ala yon viraj sa te dwe ye pou li, sou wout sa a. E li te frape avèg, konsa li pa t ap pote komisyon li a, men yo te mennen l nan yon plas nan yon ri ki rele Dwat, e lakay youn . . .

<sup>77</sup> E alò pwofèt la desann la, li te rele Ananyas, ki te wè nan yon vizyon, li t ap desann, li te wè kote li te ye, li te desann kote l te ye a, epi l te antre. E l te di: “Frè Sòl, Seyè a te parèt devan w sou

wout la; Li te voye m, pou m te ka poze men m sou ou, epi pou w wè ankò e pou w ranpli ak Sentespri a.”

<sup>78</sup> Ou wè kote l te ye. Ala yon—ala yon bagay sa te dwe ye pou Pòl! Ou wè? Tout sa l te fòme pou l fè te vire nan lòt sans lan. Alò kounye a, ak—ak tout edikasyon l te genyen, li—li te jis vin pa anyen pou li.

<sup>79</sup> Kounye a, li te konnen ke l te gen yon eksperyans. Alò men yon lòt bon leson pou nou, ke, eksperyans poukont li pa ase. Li dwe eksperyans ki selon Pawòl Seyè a. Alò, limenm ki wè sa, e konnen ke Se te yon gran Bagay, apre sa, ke yon lòt moun te resevwa Li avan l, li te pran twa zan ak si mwa anba nan dezè a—nan Arabi; pran Bib la—la, jan L te ye lè sa, Ansyen Testaman an, epi desann la, pou—pou konpare eksperyans sa a ke l te genyen an, e wè si Li te selon Ekriti a.

<sup>80</sup> Bon e si l te di: “Ebyen, m panse sa te jis yon ti souflèt,” epi l te kontinye? “Mwen—mwen pral swiv entelijans mwen?”

<sup>81</sup> Bon, li te dwe vin prizonye yon bagay, yon prizonye. Alò apre l te konpare li, epi li wè, se pa etonan li te ka ekri Liv Ebre yo, nan yon tip. Ou wè? Twa zan èdmi anba la, lonje nan Pawòl la, epi li dekouvri ke Bondye menm ki te rele l la t ap mennen l tounen, epi chanje tout entelijans li yo, chanje tout sa l te janm panse, tout sa ke l te pran fòmasyon pou l ye. Tout anbisyon li, jis efase soti sou li, e li vin yon prizonye. Lanmou Bondye te sitèlman fòmidad, e sitèlman yon—yon revelasyon, ke l pa t ka elwaye de Li.

<sup>82</sup> Sa se vrè eksperyans tout vrè kwayan ki rankontre Bondye. Ou—ou vin an kontak ak yon Bagay ki sitèlman gran, ke ou . . . ke—ke ou vin yon—yon prizonye, pou tout lòt bagay. Ou wè? Ou—ou elwaye de tout bagay, pou anprizone tèt ou pou Sa.

<sup>83</sup> Sa te eksprime yon fwa kote Jezi te di: “Wayòm nan Syèl la se yon bagay tankou yon nonm k ap achte pèl. Epi lè li jwenn gran Pèl sa a, li vann tout sa l te genyen, pou achte Grenn sa.”

<sup>84</sup> E se fason sa isi a. Ou—ou gen yon konsepsyon entelektiyèl, ou gen yon—yon—yon—yon eksperyans teyolojik; men lè l rive yon moman ke lè ou—ou vrèman jwenn vrè Bagay la, ou—ou jis vann tout lòt bagay, e ou fenmen tèt ou nan Sa.

<sup>85</sup> Pòl te konn sa l te ye. Li—li te dekouvri ke li te atache ak yon Bagay. Tankou nou mete yon atach sou yon—yon—yon chwal, se pou—se pou rale yon bagay. E Pòl te konnen, apre eksperyans sa a, e twa zan èdmi ap jwenn yon tip ak eksperyans li te genyen an—an, ak Bib la, li te reyalize ke Bondye te chwazi li e te atache li ak Sentespri a, eksperyans ke l te genyen an, pou rale Levanjil la nan prezans Moun lòt Nasyon yo. Lespri a, Limenm, te atache li.

<sup>86</sup> E, jodi a, antan ke sèvitè Kris, nou vin atache, nou mare. Nou pa ka ale. Nou konekte avèk Li, atache ak Pawòl la. Sa pa enpòtan sa nenpòt lòt moun di, ou atache ak Li. Gen yon bagay nan Li, ke ou jis pa ka ale lwen Li. Yo te jouke w avèk Li, pa

Sentespri a, Li te jouke w ak Pawòl la. Sa pa enpòtan sa nenpòt lòt moun di, Se Pawòl la, se toujou sa. Atache avè L, mete yon jouk avè Li, pou Pawòl la, pa Sentespri a, yo te atache li.

<sup>87</sup> Li te aprann sou bò dèyè dezè Arabi a—a la, lè, tout ansyen bagay li yo, ak eksperyans, ak anbisyon, ke, li te depouye de bagay sa yo.

<sup>88</sup> Kounye a, sa se kote nou jwenn, jodi a, ke nou dwe depouye, an premye. E moun yo pa vle pou yo depouye. Frè Metodis la vle kenbe yon ti kal nan ansèyman Metodis li a. En-en. Frè Batis la vle kenbe yon ti kal nan ansèyman Batis li a. Ou wè? Men ou dwe depouye absoliman de tout bagay, e jis ne de nouvo, ankò. E reprann apati de la, kite Sentespri a kondwi. Ou pa ka di: “Ebyen, bon, papa mwen—mwen te di, lè li te rantre, li t ale nan legliz la, li te bay pastè a lanmen. Li, li se yon bon manm fidèl.” Sa petèt te kòrè pou ras li a, men nou se yon lòt ras. Ou wè? Kounye a nou dwe retounen nan tan Bib la pou jou sa a.

<sup>89</sup> Prèt yo te atache, tou. Men, ou wè, yo te vini nan yon lòt dispansasyon, e yo—yo te fayi pou depouye tèt yo de ansyen atach yo a epi mete yon nouvo atach.

<sup>90</sup> E nou jwenn menm bagay la jodi a. Nou te vini nan yon laj denominasyonèl, jan nou te pwouve l nan laj legliz yo, Bib la, e latriye, men nou vini kounye a nan yon laj lib, kote Sentespri a Limenm desann e konfime Tèt Li, e fè konnen Tèt Li, fè tout pwomès ke L te pwomèt yo, vin rive. O la la! Ala yon gran tan!

<sup>91</sup> E l te konnen ke, yon lòt bagay, li te konnen li pa t ka ale nan plas yo, ke, kòm li te atache a Sa, ke l pa t ap . . . ke li te fè, men poutan li te vle ale. Li te konnen ke anbisyon li te rale l nan mitan frè yo kote yo te envite l pou l vini, e poutan li te pouse pa Lespri a pou l fè yon lòt bagay. Li pa t mèt tèt li.

<sup>92</sup> Petèt yon moun te ka di: “Frè Sòl, Frè Pòl, nou vle w vini isi a, paske nou gen pi gwo legliz la. Nou gen pi gwo kongregasyon an. Ofrann ou yo pral gwo, e latriye.”

<sup>93</sup> Men kòm li te pouse pa Lespri a, li te panse: “Mwen gen yon frè lòt bò a. M ta renmen ale lòt bò a epi sove frè sa a, mennen l bay Seyè a.” Men, poutan, Lespri a te pouse l ale yon lòt kote. Li te yon prizonye. Kòrèkteman.

<sup>94</sup> O Bondye, fè nou prizonye konsa, de pwòp anbisyon egoyis nou, e de pwòp jijman nou yo e fason pa nou pou panse ki miyò, pou vin yon prizonye pou Jezikri. Mwen panse ke se te yon gwo deklarasyon, ke: “Mwen se yon prizonye pou Jezikri.”

<sup>95</sup> E sonje, Li se Pawòl la. Ou wè? Sa pa enpòtan sa nenpòt lòt moun panse, se Pawòl la. Ou wè? Si w se yon prizonye pou Pawòl la, okenn denominasyon pa ka detounen w de Li. Se—se Pawòl la. Ou se jis . . . Ou se yon prizonye pou Li, se tou. Ou dwe aji fason Li aji.

96 Kounye a, li pa t ka al nan sèten plas ke l te vle, paske (poukisa?) Lespri a te entèdi li. Nou sonje, anpil fwa, ke Pòl te eseye al yon kote, li panse: “Men kote m te ka gen yon gwo reyinyon,” men Lespri a te entèdi l. Bon, èske sa deklare klè e pwouve ke Pòl te yon prizonye? Yon prizonye pou Jezikri, atache ak Pawòl Li, pa Lespri a! O! Mwen renmen sa. En-en.

97 Li te mare. Li te mare ak yon chenn, epi ak bout chenn lanmou, pou fè volonte Bondye a, e sa sèlman. Li te yon prizonye. Li te nan yon bout chenn lanmou. Li te gen jouk Kris sou li. Li pa t ka jouke ak anyen lòt. Li te jouke avè L. E kote Kondwit la t ale, se kote sa li te dwe ale. Kèlkeswa kòmman patiraj la te vèt, isi a sou bò sa oswa bò sa, li te dwe ale fason Lidè a ak jouk la t ale.

98 O, aswè a, si nou, antan ke Branham Tabènak, te ka sèlman vin prizonye; pou pwòp èt egoyis pa nou, pou pwòp anbisyon nou, ke nou te ka soumèt tèt nou nèt epi pou n jouke ak Limenm. Sa pa enpòtan sa rès mond lan panse, sa rès mond lan fè, nou jouke ak bout chenn lanmou, nou se prizonye. “Pye mwen sitèlman sou jouk Kris, li pa p danse. Je m sitèlman sou jouk Kris, jiskaskè mwen, lè m wè toutouni modèn sa yo nan lari a, Li vire tèt mwen. Kè mwen—mwen sitèlman sou yon jouk damou pou Li, jouk mwen pa ka gen lanmou pou mond sa a, ankò. Volonte mwen sitèlman sou jouk Li, jiskaskè mwen pa menm konnen kounye a ki sa anbisyon m yo ye. Jis, ‘Kèlkeswa kote Ou kondwi, m va swiv, Seyè.’ M va yon prizonye.” Ou wè?

99 Pòl te yon prizonye kòrèkteman. Li pa t ap fè okenn fo deklarasyon. Li te fòme pa Sentespri a, ankò, pou ret tann Pawòl la. Bon, li te fòme nan yon fason, men—men Bondye te fòme l yon lòt fason kounye a. Li te fòme pa Sentespri a pou ret tann Seyè a, kèlkeswa sa anbisyon l yo te ye.

100 Kounye a mwen pral, avèk èd Sentespri a, montre nou yon bagay. Ou wè? Kounye a ann jis pran yon egzanp.

101 Yon jou, Pòl ak Silas, t ap desann nan lari yon sèten vil kote yo t ap òganize yon revèy. E yon ti fi, posede ak demon ret ap swiv li, ap rele dèyè l. E pa gen dout ke sa Pòl te konnen li te gen otorite, kòm yon apot, pou kondane move lespri sa a pou fè l soti sou fanm sa a. Men èske w te remake? Li te tann, jou apre jou, jiskaskè, toudenkou, Sentespri a te pale avè l, Li di: “Se lè a sa.”

102 Alò l te di: “Oumenm espri, soti nan li.” Ou wè? Li te konnen pou l ret tann Seyè a.

103 E men kote sitèlman anpil moun jodi a pote opwòb sou Pawòl la. Yo soti ak yon anbisyon. Konbyen revèy yo te kite san rezilta poutèt yon bagay konsa, paske evanjelis la pa ret tann pou wè sa Seyè a te gen pou di! Kèk ladan yo di: “Vin isi a,” epi yo—y ale la menm paske asosiyasyon an—an te di: “Ale.” E Sentespri a t ap di yon bagay diferan. Poutan, anbisyon nonm lan pou l vin presbitè leta a, oswa—oswa yon lòt bagay, oswa kèk ansyen, oswa

kèk evèk, oswa yon bagay ta—ta rale li: “Ou dwe ale.” E, poutan, li konnen mye. Sentespri a ap di: “Al *isi a.*” Ou wè? Li te sou jouk òganizasyon li a. Li se yon prizonye pou òganizasyon an.

<sup>104</sup> Men si l sou jouk Kris, li kondwi pa Sentespri a. Li . . . ? . . . Ou wè? Li, li sou jouk, yon prizonye. Sa pa fè okenn diferans sa nenpòt lòt bagay di; se—se yon—se yon—yon kwiv k ap klewonnen ak yon senbal k ap sonnen. Li tandè sèlman Vwa Bondye a, epi l pale sèlman lè L soti. Li pa di anyen.

<sup>105</sup> Yon moun di: “O, o, Frè Jones!” Oswa, la a, Frè Roberts, oswa kèk, gran mesye sa yo nan peyi nou an jodi a, tankou Tommy Hicks, oswa—oswa—oswa Oral Roberts, oswa—oswa Frè Tommy Osborn, kèk nan gran evanjelis sa yo. Si yon moun ta di: “Ey, vin isi a, Tommy. Ou se yon gran òm de Dye.” (Oswa Oral.) “E mwen—mwen gen yon—yon tonton ki lonje isi a, ki—ki tou mare. E li—li malad. Mwen vle vin la. Mwen kwè ou gen fòs pou geri li.” Ou wè?

E petèt Sentespri a t ap di l: “Pa kounye a.”

<sup>106</sup> Men, poutan, pou zanmitay ak nonm sa a, se te devwa pou l al avè l. Si l pa fè l, li vin yon lènmi pou nonm sa a. Nonm sa a di: “Ebyen, li t al jwenn *entèl entèl*, geri timoun sa a oswa ti gason sa a. Mwen konnen l te fè l. E m te zanmi l, pandan plizyè lane, ou wè, e li pa t ap vini lakay mwen.”

<sup>107</sup> Men si Sentespri a fòse l pou l pa ale, pito l pa fè l, si li sou jouk Bondye. Zanmi li, li renmen. Men pito se Sentespri a ki kondwi l pou l ale la, paske li pa p bon menm, tout jan. Mwen fè eksperyans sa tèlman anpil fwa.

<sup>108</sup> Men Pòl te jis ret tann pou Lespri a di l sa pou l fè. “Ret tann Lespri a,” li te di. Li te kanpe yon jou swa, ap preche. Epi l te soti la. Li te wè yon nonm ki enfim. E toudenkou, Lespri a te pale avè l, epi l te di: “Mwen wè . . .” Kijan? Menm fason l te wè yo ta pral kraze, sou yon zile. Ou wè? “Mwen wè ke w gen lafwa pou w geri. Kanpe sou pye w. Jezikri geri w.” Ou wè? Men li. Li—li te . . . Li te sou jouk. Petèt li ta òganize yon semèn revèy la e anyen pa t ap rive, men poutan li te ret tann Sentespri a pou di. Ou wè? Li te sou jouk apèl sa a.

<sup>109</sup> Kounye a ou di: “Frè Branham, w ap kondane sa w te di dimanch la, sou oumenm ki t ap tann tout tan sa a.”

<sup>110</sup> E, men, ou sonje, se te Sentespri a ki te pale avè m anwo la sou wout la, e L te di: “M ap voye w tounen nan mitan malad yo ak moun ki aflije yo.” Ou wè? Se obeyisans a Sentespri a. Sèten. Mwen pa t ale jouk Li te di m fè l. Mwen t ap tann MEN SA SEYÈ A DI, jouk mwen te jwenn MEN SA SEYÈ A DI. Kounye a, sa diferan. Ou wè? Kounye a, Li, Sa fè yon diferans. Wi.

<sup>111</sup> Li te tann Pawòl Seyè a. Li te pouse pa Lespri, pou fè sèlman sa Bondye te mande l fè, alò li vin yon prizonye pou Jezikri. Zanmi, si nou te ka sèlman vin prizonye!

112 M konnen li fè cho. Men mwen—mwen ta renmen nonmen kèk pèsonaj anplis, si n ta vle. Mwen gen apeprè sis ou uit ki ekri isi a. Men mwen—mwen ta renmen nonmen jis yon lòt pèsonaj oswa de.

113 Ann pran pèsonaj Moyiz la. Li te ne yon liberatè. E li—li—li te konn sa, ke li te ne yon liberatè.

114 Men anvan mwen pale de Moyiz, mwen ta renmenm fè deklarasyon sa a, ke, Bondye toujou dwe pran yon nonm, ki pral sèvi Li fidèlman, pou vin prizonye Li. Yon nonm dwe soumèt tout anbisyon l genyen, tout sa ke l ye, tout—tout bagay, vi li, nanm, kò, volonte, anbisyon, ak tout lòt bagay, epi vin yon prizonye nèt pou Kris, Ki se Pawòl la, pou sèvi Bondye.

115 Ou ta ka oblije mache kontrè ak pi bon jijman w. Petèt, nan yon sèten òganizasyon, ou ta ka panse ke yo ta ka voye w monte e ba w yon gwo bagay, pou w ta ka flache. Men nan kisa w jwenn tèt ou? Ou jwenn tèt ou nan echèk, apre yon moman, jouk Bondye ka pran yon nonm ki vle vin yon prizonye pou Li.

116 Bondye ap chache prizonye. Li te toujou fè l. Ou ta mèt fouye l nan Ekriti a. Yon nonm dwe yon prizonye pou Kris, kont nenpòt bagay. Se poutèt sa, ou pa ka konekte ak nenpòt bagay ke Kris; menm papa w, manman w, frè w, sè w, mari w, madanm ou, nenpòt moun. Ou sèlman konekte ak Kris, e Limenm sèlman, lè sa Bondye ka sèvi avè w. Jouk lè sa, ou pa kapab.

117 Nan soti deyò, pafwa mwen pale rèd ak moun yo. Ou wè? Mwen—m ap eseye fè w lage sa. Ou dwe gen yon kote pou kòmanse, tankou pafwa denonse medam yo ki koupe cheve yo epi mete rad sa yo, epi ki kontinye deklare yo se Kretyèn. Ou di: “Sa se yon ti bagay.” Ebyen, ou dwe kòmanse yon kote. Alò kòmanse la menm, ak ABC w la. Ou wè? E bay aparans lemounn la vag, tout jan, e vin yon prizonye pou Kris. Epi apre sa jis kontinye, lage tout bagay, jouk finalman dènye liy lan lage. Lè sa ou se—ou se—ou se yon prizonye lè sa, ou vin sou kontwòl Li, Li—Li genyen w sou kontwòl Li.

118 Kounye a, Moyiz te konnen ke l te ne liberatè a. Li te konn sa. E èske w te remake, ak anbisyon ke Moyiz te genyen an; nou konnen manman l te di l lòtbò a, antan l te nouris li.

119 Pa gen dout, lè Moyiz ti bebe a te fèt, ke manman l te di: “Ou konnen, Moyiz, lè. . . Papa w, Amram, ak mwenmenm te lapriyè san rete. Nou te konnen, e n te wè nan Mond lan, li te tan pou yon liberatè te vini. E nou te lapriyè: ‘Seyè Bondye, nou vle wè liberatè sa a.’ Yon jou swa, Seyè a te di nou, nan yon vizyon, ke w t ap fèt, e w t ap liberatè a. Nou pa t pè kòmandman wa a. Nou pa t okipe sa wa a te di. Lè sa, nou te konnen ke w te ne yon liberatè. Kounye a, Moyiz, nou te konnen ke nou pa ta ka elve w kòrèkteman.”

120 Kounye a sonje, yo te anba la, katsanzan nan Lejip. Ou wè?

121 “E nou—nou te vle ba ou bon bagay la—la, bon edikasyon an, bon fòmasyon an. Alò, m te pran w epi m mete w nan yon ti lach, e m mennen w al nan larivyè Nil la. E ala dwòl, ke kouran sa yo te desann ak ti lach sa a nan wozo ak jon yo, epi mennen l desann dwat, plizyè kilomèt olwen, epi te vire l dwat nan palè Farawon an, kote pa li . . . pitit fi Farawon an te ye, kote pisin pou benyen l la te ye. E kòman ke—ke m te konnen ke l te bezwen yon fanm pou elve w.”

122 E nan jou sa yo, byensi, yo pa t gen bibwon sa yo pou leve bebe yo, alò l te dwe gen yon—yon nouris. Alò . . .

123 “E, Miryam, mwen te voye l anba a. E l te kanpe la, e l te di: ‘Mwen konnen kote m ka jwenn yon nouris,’ epi l vin pran mwen. E, Moyiz, tout pòt yo fenmen. Cheri, ou gen sèzan kounye a, e ou pral vin pitit gason Farawon. E yon jou ou pral vin liberatè a ki pral mennen pèp la soti isi a.”

124 Anbisyon Moyiz yo kòmanse grandi. “Mwen pral etidye, manman. Mwen pral etidye tout bagay mwen kapab. Ou konn kisa m pral fè? Mwen pral etidye kòman pou m vin yon militè, e mwen pral konnen kijan pou mennen pèp sa a soti isi a. Mwen pral yon gran jeneral, evèk, alò m ap konnen kòman sa fèt. E mwen pral—mwen pral mennen l soti. Mwen pral pran Doktora an Filozofi oswa an Dwa. M—m ap fè l.”

125 Tankou “Pè Chiniquy,” si nou te janm li liv li yo. Dakò. Li “pral delivre tout Pwotestan yo,” ou konnen, e li te vin youn, pou tèt pa l. Alò, gran prèt sa a, sa fè plizyè lane, “Pè Chiniquy,” nou ta dwe achte liv li epi li l. Yo rele l: “monpè.” Li jis Frè Chiniquy, sa l te ye a. Nou pa rele pyès moun “monpè,” konsa. Alò nou jwenn ke—ke nou . . . Li ta pral li Bib la, alò l te ka soti la epi diskredite relijyon Pwotestan an epi fè tout vin Katolik. E lè l t al li Bib la, Sentespri a vin sou li, epi l te gen Sentespri a, e lè sa—lè sa li vin youn ladan yo.

126 Alò lè sa remake sa, ke Moyiz te gen tout fòmasyon an. Paske, li—li te konnen. Li te sitèlman entèlijan, sitèlman enstwi, sitèlman entelekyèl! Jouk, pa t gen pyès moun . . . Li te ka menm anseye Ejipsyen yo. Jouk, li te ka anseye sikològ yo. Li te ka anseye jeneral yo—yo kisa pwisans militè te ye. Li te yon gran òm. E moun yo te pè Moyiz, poutèt grandè li. O, yon save konsa! O la la! Li te yon achevèk, oswa petèt tankou yon pap. Li te yon gran pèsonaj. E li te yon—yon—yon nonm pwisan. E li te konnen l te ne pou fè sa, e l te fòme, ak gran anbisyon, pou fè sa.

127 Jis tankou jodi a. Mwen pa di ke mesye yo, ki fòme nan lekòl sa yo, mwen pa di ke . . . Jan yo ye deyò isi a nan Lwès la, kounye a, yo pral bati yon lekòl teyoloji sansenkant milyon dola, ou wè, Pannkotis, yon san- . . . yon lekòl sansenkant milyon dola. Pou mwen, sa ta dwe pou misyonè nan chan an. Ou wè? Ou wè? Ou wè? Men, kèlkeswa, kisa yo fè lè yo soti la? Kisa yo ye? Yon pakèt



Ricky. Jis egzakteman. Epi se konsa yo soti. Se toujou sa l ye, rèss ladan yo, e se menm liy sa. Ou wè?

128 Kounye a nou dekouvri, ke, lè, Moyiz, nan tout fòmasyon l lan, e jodi a, ak tout fòmasyon an, ap fè gwo evèk e latriye, gran, anbisyon elve a, kisa nou pral fè? Anbisyon nou yo vin jis prèske tankou sa Moyiz te ye a. Ou wè?

129 Bondye, anvan L te ka gen nonm lan nan men L, Li te dwe retire anbisyon l lan sou li. Li te dwe retire tout fòmasyon l lan sou li.

130 Li te soti ale, e li te delivre; li te touye yon Ejipsyen. E li, e lè l te fè l, li te dekouvri ke l te nan lerè. Li pa t ka fè sa. Se pa t fason sa. E Bondye te dwe mennen l nan zòn sovaj la, nan dezè a, nan yon kote dezè.

131 Nou remake, se on jan dwòl, kijan moun sa yo, ke Bondye gen yon mesaj pou yo, Li mennen yo nan yon dezè.

132 Li te mennen Pòl nan dezè a, pou fòm li, pou di l sa tout gran vizyon sa a te ye, deyò nan dezè a. “Soti al nan yon sèten dezè.” E l te rete la jouk Bondye te fè konnen nèt kisa k pou fèt.

133 E nan tan Moyiz, Li te mennen l deyò nan dezè a. Li te kenbe l la pandan karant an, e Li te retire sou li tout teyoloji li ak tout anbisyon li. O, ala yon moman, ke l te ka gade deyè e wè echèk li. E kòman noumenm, aswè a, ta dwe fè menm bagay la, lè nou wè anbisyon nou—nou.

134 Gade kanpay gerizon an, e wè si Seyè a te fè yon bagay sa fè kèk lane, pou kòmanse rebay malad yo gerizon, e latriye.

135 Tout moun, tout òganizasyon, se paske Li pa t vin nan òganizasyon yo, yo te dwe jwenn yon gerisè bay tèt yo. E kisa n te fè? Ann gade l jis yon moman. Nou te fè menm bagay ke Moyiz te fè a. Nou te soti e nou te eseye ak tout fòs nou pou nou fabrike kèk jan de mirak. “Mwen santi yon maladi. Mwen—mwen—mwen gen san nan men m,” e fabrike yon mirak. Ou wè? E kisa n te genyen? Kèk nan mesye sa yo sitèlman sou gwo presyon, ke nè yo kraze e yo vin bon tafyatè, nevroze, e yo pèdi tèt yo, e yo retounen deyè nèt, soti nan lòd bi pannkotis la, tounen al fè òganizasyon ak bagay sa yo ankò. Ou wè?

136 Kisa n te fè? Asasinen yon Ejipsyen. Se vre. E nou te eseye. Nou te fòse. Nou te peye. Nou te travay di, nou te ale tout lannwit nan reyinyon priyè, jouk nou pa t gen okenn vwa. E—e nou eseye fabrike yon bagay, e vante yon bagay, e tout kalite bagay sa yo, e jwenn li vin yon echèk total. Nou bezwen yon retou nan dezè a. Se vre. Wi, mesye. Redi ak goumen. Pouki n pa jis bay vag? Se sa n ta dwe fè, ou wè, retounen epi bay vag. Poukisa, nou te fè menm bagay yo te fè a, menm bagay Moyiz te fè. Sa pa itil anyen. Aprè karant an, li te jwenn tèt li yon prizonye pou Pawòl Bondye a. Kisa nou eseye fè?

137 Lè, gran Benediksyon an rive, ak manifestasyon tout gran bagay sa yo ke Bondye te pale nou an: kòman ke nou dwe nè de nouvo; e kòman nou dwe resevwa Sentespri a; batèm nan Non Jezikri a; ak tout bagay sa yo isi a.

138 Nou wè, moun yo, olye yo rete nan Pawòl sa a, atache ak Li, kisa yo fè? Yo te kòmanse ak pwòp teyori denominasyonèl yo, ki te echwe deja, e yo eseye fabrike yon bagay pou sanble ak Laverite.

139 M t a pito rete la menm. Ou wè? Mwen sèten nou gen bon konprann ase pou n konnen sa m vle di. Ou wè? Men, franchman, gade sa l te fè. Panse a sa.

140 Kisa n genyen, aswè a? ke yon—yon—yon nasyon plen ak moun òganize: ki renye Ekriti Bondye yo; ki rele Lavi Sentespri a—a—a, ke, “Li te yon—yon telepati mantal”; ki refize yon bagay konsa vin nan legliz yo; e yo pap pèmèt ou di yon Mo sou semans sèpan an, sekirite Etènèl, ak bagay yo ke Sentespri te revele e pwouve ke se Pawòl la. Mwen te bay defi sou defi, pou vini e pwouve m se pa vre.

141 Kisa yo te genyen? Menm bagay la ke Luther te genyen, rès ladan yo, ou wè, asasinan yon Ejipsyen. Kisa k dwe. . . Kisa l te ye? Petèt li te fè kèk moun kòmanse. . . sispann volè, oswa petèt viv fidèl ak madanm li. Men kisa n te fè de li ak sa? Yon manm legliz. “Vin antre nan gwoup nou an.” Ou wè?

142 Moun mouri santi sa a se te sou sèl bagay li te ka lonje dwèt li yo, de siksè li, de karant an fòmasyon; yon Ejipsyen santi lonje la, pouri e mouri.

143 Se apeprè fason sa l ye aswè a. Sèl bagay nou ka montre, sou revèy sa a ki te travèse toupatou (swadizan), se yon pakèt manm legliz santi ki pa konn anyen plis sou Bondye ke yon Hottentot ta konnen sou yon nwit Ejipsyen. Se vre. Sa pale yo de Pawòl Bondye, yo di: “Mwen pa kwè Sa.” Yo di: “Ki mele m a sa w di a, mwen pa kwè Li.” Ou wè? Ou wè? Se yon bagay terib sa pou montre, pou tout presyon ak goumen ak tout bagay nou genyen.

144 Petèt nou ta ka montre yon gwo lekòl, men l mouri. Nou ta ka montre yon òganizasyon, men l mouri. Li santi. Li jis menm jan ak premye bagay nou te rale soti ladann. “Tankou yon kochon ki pral nan patojwa l, ak yon chyen nan vomisman l,” lè nou tounen dèyè. Yon Ejipsyen mouri.

145 Pa gen dout ke yon moun te di: “Moyiz, ebyen, èske w pa gen santiman ankò pou pèp la? Ou te gen apèl pou fè sa.” Yon moun ki te konnen Moyiz, e te konnen li te gen apèl pou sa. “E pa. . . Ou pèdi santiman pou pèp la?”

“Non, mesye.”

146 “Ebyen, poukisa w pa deyò, laba a, ap fè si? E poukisa w pa deyò isi a, ap eseye sa? E poukisa w pa jwenn ou ak rès lòt yo?”

147 Moyiz te deyò la ap depouye, jouk li te gen yon eksperyans nan touf bwa ki t ap boule a, ki te deklare Pawòl la. “MWEN SE Bondye Abraham, Izarak, ak Jakòb. E Mwen sonje pwomès Mwen an. E M desann pou delivre yo. M ap voye w pou fè l.” Se sa l te ye.

148 Li te wè Pawòl la, pa anbisyon pèp la oswa dezi pèp la. Apre sa kisa l te vin ye? Li pa t vle fè fas a Ejipsyen yo ankò. Li pa t vle fè fas a bagay sa a ankò. Men li vin yon prizonnye. Amèn. Karant an ap kouri, depouye, men apre sa li vin yon prizonnye, nan touf bwa k ap boule a, Moyiz pwisan an ak tout entèlijans li. Bib la di ke Moyiz te yon nonm pwisan nan pawòl e nan aksyon, anba nan Lejip.

149 Men gade sa teyolojiyen pwisan an te fè nan Prezans touf bwa k ap boule a. Li te sèlman konfese enkapasite li. Lè l te wè bi otantik Bondye a, li te konfese ke li pa t kapab fè sa. Poutan, li te fòme nan tout teyoloji ke yo te ka ba li, fòme nan meyè lekòl yo. Men, poutan, kisa l te ka fè lè li. . . Kolòn Dife sa a pandye la nan touf bwa a? Li te di: “M pa menm ka pale. En-en. Seyè, ki moun mwen ye, pou ke m ta dwe ale?” Ou wè?

150 “Retire soulye w yo, Moyiz. Mwen vle pale avè w. Depouye tèt ou, menm soulye w yo. Ou—ou plat atè a ankò. Mwen vle pale avè w.”

151 Li pa t menm ka pale. Alafen, yon prizonnye eli, yon pwofèt eli, jis menm jan ke Pòl te eli. Moyiz te eli, liberatè. E apre sa, alafen, Bondye te gen sijè eli Li yon prizonnye pou Li. O, alélouya! Li te ka sèlman bouje otan Pawòl Bondye a te bouje li. “Ki moun mwen va di ki voye m?”

“MWEN SE.”

“Kòman m pral fè?”

“M ap avè w.”

152 “Wi, Seyè, jis jan Ou di. Men mwen.” O la la! Sa, li se yon prizonnye.

153 L ale kont pi bon panse li. Kounye a, li te fòme pou kòmande yon lame. “Epe, anlè! Demitou!” Fòme pou ale: “Charyo yo, tout an òd! Lans yo, an avan! Chaje!” Se konsa li pral pran l. Se te fòmasyon l sa.

Men l te di: “A kisa m pral sèvi?”

Li di: “Kisa w gen nan men w?”

154 “Yon baton.” Bondye fè bagay yo sitèlman ridikil pafwa, pou lespri imen an. Ou wè? Li gen yon baton nan men l. Bab li pandye. Katrevenzan. Madanm li sou yon milèt; timoun chita sou kwis li. Vye, ti bra mòlòlò yo ap pandye; yon baton. Jis tèt li te kanpe, paske l te gen MEN SA SEYÈ A DI. Poukisa? Li te rive ankre alafen.

155 Li te yon prizonye. “M ap bouje sèlman lè Pawòl la bouje m. M ap sèlman pale lè Pawòl la pale.”

“Kote w prale?”

156 “Mwen gen yon komisyon: kanpe devan Farawon epi montre l, pa baton sa a, ke Bondye te voye m.” Amèn.

“Kisa w pral fè apre sa?”

“Li pral bay pwochen bagay la, apre m fè sa.”

157 Men li. Ou sèlman gen yon bagay pou fè, premye etap la, aswè a: soumèt, vin yon prizonye. Pa panse a tèt ou oswa yon lòt bagay. Vin yon prizonye.

158 Moyiz vin yon prizonye, li te konfese li pa t ka menm pale. Alafen, lè Bondye te genyen l nan men Li, kote li te ka sèlman bouje lè Bondye te bouje li. Kote, Li pale l de Pawòl la. Li te konnen se te Pawòl la, alò li te soumèt tèt li bay Pawòl la. E Sentespri a la, Bondye, te atache Moyiz ak volonte Bondye a.

159 Sa se menm bagay Li te fè Pòl. Se vre? Li te atache Pòl; yon Jwif mokè, piti, nen kwochi, o, ak Doktora nan Filozofi, epi Doktora nan Dwa ekri sou tout limenm. Men Li te di: “Mwen pral montre l sa l pral soufri pou byen Pawòl la.” Ou wè? E li . . .

160 E Pòl chita la epi l ap wè Pawòl la, e l ap wè ke se te Jezi sa, alò li te leve men l yo anlè epi li vin atache ak Li. Lanmou Bondye a te atache l ak Pawòl la. “Li pral pote Non Mwen devan Moun lòt Nasyon yo.” Se la l t ale.

161 “Moyiz, MWEN SE Bondye papa w yo. MWEN SE Bondye Abraham, Izarak, ak Jakòb. Mwen sonje Mwen te pwomèt yo, e lè pwomès la toupre. E Mwen wè soufrans pèp Mwen an. Mwen sonje pwomès Mwen an. E Mwen desann pou atache w. Ou konn kisa Pawòl la te di. Mwen te atache w pou w te desann la, atache w ak pwisans, pou desann la e delivre pèp Mwen. E pran baton sa a nan men w, tankou yon temwen, paske w te wè yon mirak ki fèt pa li.” Jis tankou David, ak fistibal la. Ou wè?

162 Atache, limenm, e l te desann. Alafen, Bondye te gen yon nonm ki te soumèt a Li, atache ak Li, e ki pa t ka bouje jouk Pawòl Bondye a te bouje l. Si moun yo ta vle jis fè sa, jodi a! Alò, li te prizonye Li, yon prizonye lanmou, ki sou jouk yon lyen lanmou, ak—ak Bondye, tankou Pòl te sou jouk yon lyen lanmou ak Bondye.

163 Jis tankou Pòl, toude te fòme menm fason an. Moyiz te fòme, ou konnen, pou delivre pitit Izrayèl yo pa pwisans militè. Pòl te fòme pou te retire yo nan men Women yo e mete yo lib, pa gran fòs eklezyastik nan mond lan jou sa a. Gran Lekòl fòmasyon yo, vini anba Gamalyèl.

164 E toude t al nan dezè a, um—hum; yo te vin tounen dèzòm diferan. Toude te wè Kolòn Dife a. E toude te pwofèt. Se pa vre? Toude, pwofèt. E Kolòn Dife a te pale ak toude, se egzakteman

sa, yo vini pou yo on liberatè. Men yo te la; yo t al nan yon dezè. Yo te kite lakay yo e yo t al nan dezè a, pou dekouvri. Yo te kite fanmi yo ak tout bagay, pou jwenn volonte Bondye a. Ou wè?

<sup>165</sup> Yo te fòme nan yon fason; Bondye te chanje yo pou yon lòt. E yo te dwe vin yon prizonye konplè, pou yo pa ajì fason yo te vle ajì, men ajì nan fason ke Bondye te vle yo ajì. Li se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.

<sup>166</sup> Èske nou gen yon lòt di minit la, pou fè sa yo?

<sup>167</sup> M pral rantre rapid nan yon lòt pèsònaj. Mwen wè youn devan m kounye a. Non li se Jozèf. Li te yon pitit gason eli. Li te yon tip pafè de Jezikri. Li te ne yon pwofèt. Li te yon pwofèt, tou. Ou wè? E bon li te ka wè vizyon. E lè l te ankò yon ti gason, li te wè yon vizyon de tèt li ki chita sou yon twòn, e frè l yo ap koube devan l. Ou wè? Men gade. Li vin . . . Li te santi l tankou yon gwo nèg. Ou wè? Yo tout . . .

<sup>168</sup> Men kisa Bondye te dwe fè? Li te fè menm bagay ke L te fè rès ladan yo. Paske, Moyiz te yon liberatè, Pòl te yon liberatè, e Jozèf te yon liberatè. Li te sove pèp li nan famin.

<sup>169</sup> Kisa Bondye te dwe fè pou li? Mete l nan prizon, mete l tou dwat nan prizon an. Wi, mesye. Sonje, frè l yo te vann li, bay yon Ejiptyen. E yo te vann li bay Potifa. E Potifa te ba l yon ti kras libète, e, premye bagay ou konnen, yo te retire sa nan men l. E men l chita nan prizon an, ap kriye, kriye. Bondye te dwe depouye l.

<sup>170</sup> Kounye a remake. Men, tout tan an, mwen kwè, li, nan prizon sa a, li te ka sonje ke vizyon an te di ke l ta pral chita sou yon twòn, e frè l yo ta pral koube devan l, paske l te konnen ke don li a te soti nan Bondye. E l te konnen ke sa te dwe rive.

<sup>171</sup> Si nou te ka sèlman kenbe sa nan lespri nou, e selon Pawòl Bondye a, ke nan dènye jou sa yo Li pral gen yon Legliz, Li pral gen yon pèp. E bagay sa yo ke L te pwomèt yo, Li pral fè yo. Li te di Li t ap fè l, e n ap viv nan tan an. Se la n ye. L ap jis eseye fè nou vin vrè prizonye kounye a, fenmen avè L.

<sup>172</sup> Nou te tande ansyen chante sa a nou chante a: “E alò mwen se youn ki fenmen ak Bondye”? Mwen vle fenmen ak Bondye. Bon, se la mwen te panse a sa. Vin fenmen ak Bondye, anyen lòt, e ou sèlman bouje lè Bondye di bouje. Ou sèlman fè sa Bondye di fè, ou wè, alò ou fenmen ak Bondye.

<sup>173</sup> Kounye a sonje, li t ap panse. Li te vin yon echèk total tou, pou tèt pa l. Tout sa l te konnen, tout sa l te konprann, ak tout bagay, li te vin yon echèk total. Sa pa t mache. Yo te mete l anba yon sitiyasyon kote ke pèsòn pa t ap koute l. Li te yon prizonye. Ou wè? Yo te mete l nan yon sitiyasyon, ke enkwayan yo pa t ap kwè. Èske w wè sa m vle di? Ministè l la pa t gen okenn efè. Moun yo te vire tèt yo. Yo pa t ap fè atansyon a li nan prizon. Ki byen ministè l la t ap fè? Li dwe te kanpe deyè bawo prizon an

epi preche ba yo; yo t ap mache nan lari a. Ou wè? Men li te vin yon prizonnye. E Bondye te kenbe li, yon prizonnye, jouk wou yo te roule dwat. Li te di: “Men nonm Mwen an.” Glwa! Echèk total!

<sup>174</sup> Alafen, Bondye te vin jwenn li nan prizon an. Tankou Pòl, tankou tout rès ladan yo, Li te vin jwenn li. E Li te sèvi ak don ke L te ba li a, pou fè l soti la. Se vre. Li te mennen l soti nan prizon l lan. Kisa l te fè? Osito Li te mennen l soti nan prizon l lan, wa a te ba li pouvwa, wa li, ke l te chita sou kote l la, ke l te anba l la. Yo te mennen l soti nan kay prizon an e yo te ba l pouvwa, jouk, kèlkeswa sa l te di, te dwe rive. Amèn.

<sup>175</sup> Nan prizon l lan, li te sonje san rete, li te fèt pou yon bi. Li ta pral chita bò kote yon wa. Tout rès yo ta pral bese yon jenou devan l. Vizyon l lan te di l sa. Amèn. Men anvan vizyon l lan te ka akonpli nèt, li te dwe vin yon prizonnye. Amèn. E alò li te vin yon chèf. E lè l te soti nan kay prizon l lan, e l te vin yon prizonnye pou Pawòl Bondye a, ke l te ka sèlman di sa Bondye mete nan bouch li pou di, alò Bondye te avanse nan li.

<sup>176</sup> Remake, ke Moyiz te gen pouvwa pou lye prens Farawon yo, a pwòp volonte li. “Si w di montay sa a, ‘Bouje.’” En-en, en-en. Li te gen pouvwa pou lye prens Farawon yo. Ke yo te dyak, oswa presbiteryen, oswa ke yo te reprezantan leta a—a oswa kèlkeswa sa yo te ye. Li te di: “Mwen lye nou,” e yo te lye. Se te sa. Li te ka fè l a pwòp pawòl li, a pwòp plezi li. Amèn. Glwa pou Bondye!

O, mwen jis gen apeprè twa minit an plis, alò mwen kenbe pawòl mwen.

<sup>177</sup> Kounye a nou dekouvri, ke li—li vin yon prizonnye pou Bondye, soti de yon prizonnye pou mond lan. Soti de . . . Pòl, menm fason an. Epi Moyiz, menm fason an, soti de yon prizonnye pou pwòp panse li, a yon prizonnye pou Bondye. E lè l te soti, li te gen pouvwa Bondye a. E lè l te vin Pòl . . . Lè pwòp panse Moyiz la, li te soumèt a li, e li te depouye de li, li te vin yon prizonnye pou Pawòl Kris la. Li te ka sèlman bouje nenpòt kote . . .

Ou di: “Kris?”

<sup>178</sup> “Li te estime opwòp Kris la pi gwo trezò pase sa Lejip la.” Alò l te yon prizonnye pou Kris, jis tankou Pòl te ye.

<sup>179</sup> Sonje, tou lè twa te pwofèt. Ou wè? E yo te dwe depouye de pwòp panse yo, pou yo te vin yon prizonnye pou volonte ak fason Bondye yo.

<sup>180</sup> Alò nou sonje, kounye a, ke l te gen pouvwa pou l lye, ak pwòp pawòl li. Li te gen pouvwa pou l lage, a pwòp pawòl li. Li te ka di: “Mwen lage nou, nan non wa m lan.” Amèn. Farawon te fè Jozèf pitit gason l.

<sup>181</sup> Kris fè pa L yo, prizonnye lanmou, pitit gason L yo. E Li ba yo pouvwa, menm bagay Li te genyen. Sen Jan 14:12: “Sila ki kwè nan Mwen,” ou wè, “zèv ke Mwen fè yo li va fè yo tou. Men plis pase sa li va fè.” Kounye a prizonnye lanmou Kris la vin mandate

pa Wa li, Ki se Kris. Amèn. “E an verite Mwen di ou, si ou di montay sa a, ‘Deplase,’ e ou pa doute nan kè ou, men ou kwè ke sa w te di a pral rive, w ap gen sa w te di a. Si ou rete nan Mwen, e Pawòl Mwen nan ou; si w sou jouk Mwen,” paske Limenm ak Pawòl Li se menm lan. “Nan kòmansman an se te Pawòl la, e Pawòl la te ak Bondye. Pawòl la te fèt chè e te rete nan mitan nou. Menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan! Si ou rete nan Mwen,” pa nan *isi a ak la*, “rete nan Mwen, e Pawòl Mwen nan ou; mande sa w vle, oswa di sa w vle, li pral fèt pou ou.” Li te gen pouvwa.

<sup>182</sup> Remake, anvan l te soti, yo te dwe mennen l soti epi raze l. Kèk bagay te dwe koupe anvan l te ka rankontre wa a. Ou wè?

<sup>183</sup> O, Bondye pafwa mennen pèp Li soti konsa, e raze kèk nan pwòp volonte pa yo, montre yo ke yo pa ka fè jis sa yo te vle fè. Nou konn sa m vle di. Yo pa—yo pa gen libète pou fè sa yo vle fè. Anvan yo te ka vin nan plen pwisans e vin yon esklav lanmou pou Kris, yo dwe raze epi annapre prezante. Pafwa Li mennen yo nan dezè a, pou fè sa, pou raze yo. E annapre mennen yo soti, youn ki wen, pou akonpli bi Li te bay lòd pou yo ye a. Ou wè sa m vle di?

Frè yo, nou nan tan lafen an.

<sup>184</sup> Sonje, tout lòt fwa yo, sa L te fè. Li te toujou dwe pran yon nonm e fè li yon prizonye pou Li, abandone pwòp tèt li. Li te dwe abandone tout bagay ke l te konnen, bliye tout fòmasyon l yo, tout bagay, pou l te ka konnen volonte Bondye a, epi swiv Bondye.

<sup>185</sup> Li pa ka swiv anyen ke lòm gen pou l fè, ak Bondye, an menm tan. Li twò kontrè, youn ak lòt. Ou pa ka pral nan lès ak nan lwès an menm tan. Ou pa ka pral a dwat ak a gòch an menm tan. Ou pa ka ap fè byen ak mal an menm tan. Ou pa ka ap swiv lòm ak Bondye an menm tan. Non, mesye. Se swa w ap swiv Bondye oswa w ap swiv lòm.

<sup>186</sup> Kounye a, lè sa, si w ap swiv Bondye epi soumèt tèt ou bay Bondye, alò ou vin yon prizonye pou Bondye sa a, pou Pawòl sa a, pou volonte sa a. Sa pa enpòtan sa nenpòt lòt bagay di, ou vin youn—yon prizonye pou Li.

<sup>187</sup> Koute. Nou nan tan lafen an. E mwen t ap di sa ak reverans ak respè, antan kèk dènye minit yo ap balanse. Gade. Kisa Bondye, selon opinyon mwen, pral fè e dwe fè, e pral fè nan dènye jou sa a, se pou jwenn yon zouti pou sezon rekòt la. Li dwe jwenn yon zouti, pou bat tè a. Nenpòt kiltivatè, lè l al nan sezon rekòt li, li dwe gen yon zouti pou fè sa avè l; sètènman, li dwe gen yon kouto digo byen file oswa yon bagay, kèk enstriman, pou bat grenn lan. Epi rekòt la mi.

<sup>188</sup> Bondye, pran nou nan men W. Fè nou se sèvitè ki lye ak lanmou W. Sèvi avè nou tankou zouti, pou mennen latè sa ki plen ak peche, ki madichonnen kote n ap viv jodi a, reyalize ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, e pou tout tan.

189 Pou tèt pa m, Bondye, kite m vin yon prizonye. Si tout frè m yo lage m, si tout zanmi m lage m, mwen vle pou m yon prizonye pou Jezikri ak Pawòl Li, pou ke m te ka atache ak Pawòl Li, pa Sentespri a, pou wè Sentespri a fè Pawòl Bondye a vin konfime pa menm bagay yo ke Li te di ki t ap fèt. Mwen vle pou m yon prizonye pou Jezikri.

Ann lapriyè.

190 Mwen mande m, aswè a, ak tèt nou bese, si anbisyon sa ke nou genyen, pou vin yon lòt bagay, oswa petèt de yon bagay ke nou ta ka panse, vin yon bagay egoyis, m ap mande m si nou te ka jis on jan mete sa sou kote.

191 Mwen mande m si kèk jenn gason isi a, aswè a, vire gade, di: “Mwen pral vin, lè m vin gran, mwen pral vin yon *sèten sèten* bagay.” M mande si nou ta ka santi volonte Bondye a bouje nan lavi nou, e di: “Non, non. En-en, en-en. Mwen—mwen. . . Anbisyon m yo pèdi kounye a. Pandan kèk dènye jou yo, Sentespri a te pale avè m. Mwen—mwen—mwen—mwen vle soumèt tèt mwen bay Bondye, pou vin yon enstriman pou rache nan dènye jou sa a.”

192 Kèk jenn fi ki ta ka gen anbisyon de karaktè yon jenn dam de byen, oswa—oswa petèt vin yon bèl ti demwazèl, oswa petèt yon jou fè karyè w nan Hollywood, mwen—mwen mande m si w pa vle kounye a soumèt anbisyon w nan Prezans Bondye ak Pawòl Li, tandè apèl Bondye a nan pwòp lavi w. Bondye konnen ki moun ou ye.

193 Mwen mande m si ta gen yon minis toupri a, oswa yon sèvitè, yon travayè kèk kote nan legliz. M jis vin isi a, tanzantan. Mwen—mwen pa konn yon tyè nan moun ki chita isi a, aswè a, men mwen. . . ti ponyen sa a ki isi a. Mwen mande m si ta gen yon moun konsa, ki ta vle di: “Ki mele m sa nenpòt moun di. Mwen se esklav Bondye kounye a. Mwen—mwen—mwen pral preche Pawòl Li, kèkilanswa. Ki mele m sa, òganizasyon mwen—mwen an mete m deyò, m ap toujou rete nan Pawòl sa a. Mwen—mwen pral fè l. Volonte m se volonte Bondye. Volonte Bondye se volonte pa m. Mwen pral yon prizonye pou Jezikri. Pa gras ak èd Li, mwen pral fè l.”

194 Panse a sa, antan nou gen tèt nou bese. Konbyen ki gen anbisyon sa a, aswè a? Èske n ta vle leve men nou. Sa se pa m, tou. Mwen soumèt tout bagay. Ak tèt nou bese kounye a, dousman kounye a, antan nou panse a sa kounye a, antan n ap priye.

Mwen soumèt tout bagay,  
Mwen soumèt tout bagay,  
Tout bagay ba Ou, Sovè beni mwen,  
Mwen soumèt tout bagay.

Mwen soum- . . .

195 Èske w panse l vrèman? “Mwen vle pou m se yon prizonye.



Mwen . . .

Pran m, Seyè. Mennen m nan kay Potye a, aswè a. Kraze tout mwenmenm, epi pase m nan moul nèt ankò . . . ? . . .”

. . . ba Ou, Sovè beni mwen,  
Mwen soumèt tout bagay.

<sup>196</sup> Papa nou ki nan Syèl la, antan chante a ap kontinye jwe, mwen te panse li pi pwofitab nan moman sa a, ke mwen—mwen ta koupe chante a epi pale avè W jis yon moman. Antan moun yo ap panse: “Mwen soumèt tout bagay,” Papa, ke nou fè sa, avèk tankou ke sa se dènye opòtinite nou pou fè sa. Kite nou vin ak senserite, vin nan tab Seyè a, jan l te ye, ak rad lave, nanm lave, volonte lave, anbisyon lave, pou soumèt tèt nou.

<sup>197</sup> E kite Bondye pran Pawòl Li, jouke nou ansanm avè L, Pawòl Bondye. E ke Sentespri a pran nou kounye a, antan nou tande son jouk la alantou kè nou: “Apati de aswè a, mwen pran w sou pawòl ou. Kounye a pa panse pwòp panse pa w. Panse panse pa M. Panse volonte pa M. Mwen va kondwi w.” Bondye, akòde ke sa pral vin yon eksperyans pou chak grenn nan nou.

<sup>198</sup> Jenn moun sa yo ki chita isi a; mouche ak madanm; e kèk ki vini pou yo vin mouche ak madanm. Gen mesye granmoun ki chita isi a, sa se minis, ki te sou wout la. E, Seyè, men Frè Neville, mwen, ki monte anlè nèt sou nechèl la. Jou nou yo ap konte kounye a. Mach nou yo fèt pi pridan pase sa n te fè avè yo. Nou gade kote nou mache. Nou pa mache ak menm asirans, m ap pale nan fizik nou, ke jan nou te konn fè l yon lè. Men, Seyè, antan n ap wè lavi mòtèl sa a ap disparèt, e okenn nan pa pye nou yo pa sèten san W pa kenbe men nou.

<sup>199</sup> Kounye a, Bondye, pran nou, èske W vle? Pran kè nou ak volonte nou nan Pwòp men W, e kite nou vin prizonye, aswè a, pou Pawòl la, pou Kris. Ke nou mennen lavi ki sen isi a. Ke medam sa yo, jenn medam sa yo, jenn mesye sa yo, gason ak fi, soumèt lavi yo, Seyè. E ke anbisyon yo vin anbisyon pou sèvi Jezikri. E kite nou vin yon prizonye pou gras ak volonte Divin Li. Akòde li, Seyè.

<sup>200</sup> Se tout sa m konn fè, Seyè. Ti pawòl koupe sa yo, e mwen—mwen konfyans ke W pral mete yo ansanm, kòrèkteman. Paske, li fè cho isi a, e moun yo vle koute, men li reyèlman cho. E anpil dwe al lakay e al travay bonè. Men ke semans sa yo jis poze andedan kè yo: “yon prizonye.”

<sup>201</sup> Al lakay e di madanm lan, antan yo . . . anvan yo pare pou yo bese epi priye, apremidi a, oswa aswè a, bò kabann lan, gade youn lòt, di: “Cheri, sa w di sou sa, aswè a? Èske nou vrèman vin prizonye pou Kris ak volonte Li, oswa—oswa èske nou travay nan pwòp volonte pa nou?”

<sup>202</sup> Ke jenn gason ak jenn fanm, toupatou, espesyalman sila yo ki te tandè Mesaj la, aswè a, mande tèt yo menm kesyon sa a: “Èske m vle vin yon prizonnye, abandone pwòp lavi m?”

<sup>203</sup> “Sila ki sove lavi li va pèdi l, men sila ki va pèdi lavi li pou byen pa M va jwenn li.” Papa, nou konnen, ke se: vin yon prizonnye pou Ou, pèdi pwòp anbisyon nou yo ak pwòp dezi nou yo, pou jwenn pa W yo, alò nou gen Lavi Etènèl. Akòde l, Seyè.

<sup>204</sup> Sèl bagay mwen konnen, se remèt li kounye a nan Men w. E ke li vin bay rezilta e mennen gwo—gwo zouti pou rekòt dènye jou a, nonm ak fanm, gason ak fi, soumèt a volonte konplè Bondye a, e vin prizonnye pou Jezikri, pou lanmou Li, anchennen ak bout chenn lanmou Diven pou Kris. Nou mande li nan Non Li.

Mwen soumèt tout bagay,

Ann kanpe.

Mwen soumèt tout bagay,

Tout bagay ba Ou, mwen . . . ? . . .


<sup>205</sup> Ann jis di sa ankò, ak je nou fenmen ak men nou anlè.

Mwen soumèt tout bagay,

Mwen soumèt tout bagay,

Tout bagay ba Ou, Sovè beni mwen,

Mwen soumèt tout bagay.

<sup>206</sup> Kounye a, si nou vle bese tèt nou, e anvan chante pou voye n ale a chante, *Pran Non Jezi Avè Nou*, mwen pral mande ke—ke frè sa isi a . . . Mwen bliye non l. Sè a ki te temwaye sou vizyon fènwa k ap vini an, ki te geri. E sonje, nan gade dèyè, vwal la te disparèt. Lafwa li te fè sa. Voye n ale nan lapriyè, èske w vle, frè? E mande benediksyon Bondye yo sou nou. 

*YON PRIZONYE* CRE63-0717

(A Prisoner)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on mèkredi swa 17 jiyè 1963, nan Branham Tabernacle ki Jeffersonville, Indiana, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

**VOICE OF GOD RECORDINGS**

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)